



# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di Indonesia hususna daérah di Jawa Barat beunghar ku rupa-rupa kabudayaan, boh dina hasil karya sastra boh dina kasenianana. Kasenian nu aya di tatar Sunda kawilang euyeub, salasihijina di Kabupatén Subang nu miboga poténsi kasenian kayaning; genjring bonyok, gembyung, jeung sisingaan. Aya salasihiji kasenian nu kawilang langka dipintonkeun nyaéta kasenian pantun nu aya di Désa Sadawarna, Kecamatan Cibogo, Kabupatén Subang.

Désa Sadawarna nyaéta salasihiji Désa nu aya di Kecamatan Cibogo, Kabupatén Subang. Salasihiji sanggar kasenian pantun nu aya di Désa Sadawarna, Kecamatan Cibogo nyaéta sanggar kasenian pantun *Dangiang Linggar Manik* nu disaluyuan ku pamaréntah Kabupatén Subang dina taun 2017 dumasar kana surat keputusan Bupati Subang Nomor : 431/1751126–Disdikbud/2017.

Sanggar kasenian pantun *Dangiang Linggar Manik* nyaéta pingpinan Ayi Ruhyat atawa Mang Ayi, nu salaku tokoh juru pantun di Kabupatén Subang nu masih kénéh mintonkeun kasenian carita Pantun dugi ka kiwari. Sanggar kasenian pantun *Dangiang Linggar Manik* miboga siloka nu disebut Kiwari Nyanding Bihari nu miboga harti sagala hal nu nyampak dina jaman ayeuna, éta téh warisan ti jaman baheula, nu kudu diwariskeun ka generasi saterusna.

Dina tradisi lisan masarakat Sunda, pantun mangrupa hiji seni pintonan nu biasana diayakeun dina hiji ritual, tempat ritual, waktu ritual, jeung téma ritual. Téma ritualna nyaéta ngahudang deui caritaan tokoh-tokoh pahlawan budaya Sunda jaman baheula (Sumardjo, 2013, kc. 47).

Pantun mangrupa produk budaya masarakat Sunda baheula. Katerangan ngeunaan carita pantun, lalakon pantun, atawa seni mantun katitén dina cutatan Sunda kuna Sanghyang Siksa Kandang Karesian (1440 Saka; 1518 Maséhi). Dina éta naskah, di antarana, disebutkeun opat lakon carita pantun, nyaéta Langgalarang, Banyakcatra, Siliwangi, jeung Haturwangi (Atja & Danasasmita, 1981, kc. 40).

Salaku simbol budaya, pantun mangrupa simbol alam pikiran manusa Sunda jaman baheula. Pantun mangrupa simbol kapercayaan réligi masarakat Sunda heubeul. Pikeun mintonkeunana, loba pisan pasaratan nu kudu dicumponan. Pintonan pantun dimimitian ku sasajén, mapatkeun du'a, jeung ngukus menyan. Saméméh nyaritakeun carita pantun, dimimitian heula ku rajah, nyaéta du'a pikeun ménta hampura ka sakabéh roh-roh karuhun nu ngawasa wilayah, ménta hampura sabab kumawani ngusik-ngusik jeung ngaganggu sakabéh karuhun Sunda nu keur “tapa” di kahiyangan, jeung ngadatangkeun daya-daya karuhun nu teu katempo di tempat mintonkeun carita pantun (Sumardjo, 2009, kc. 63).

Nilik kana galur caritana, lalakon-lalakon pantun téh némbongkeun épisode-épisodeu nu maneuh. Lian ti éta, bagian-bagian déskripsina gé geus matok. Lalakon-lalakon carita pantun ilaharna nyaritakeun raja-raja atawa katurunan Pajajaran. Nurutkeun (Rosidi, 2009, kc. 43) réréana carita pantun nyaritakeun ménak Pajajaran nu lunta ngalalana. Upamana lalakon Panggung Karaton, Demung Kalagan, Mundinglaya Di Kusumah jeung lian-lianna.

Jalma jaman kiwari geus sakuduna ngaraksa jeung ngariksa naon nu jadi titinggal kolot baheula, salasihijina ku ngaguar jeung nalungtik carita pantun. Ku ngaguar eusi carita pantun, jalma kiwari bisa wanoh kana pola pikir, kalakuan jeung kaayaan masarakat baheula. Lian ti éta, loba pangaweruh nu aya dina carita pantun nu masih saluyu jeung bisa dipaké dina kahirupan kiwari. Kitu ogé carita pantun Raden Pamanah Rasa nu mibanda salasihiji ajén kaagamaan nu bisa mawa mangpaat dina jaman kiwari.

Dumasar hasil wawancara jeung narasumber yén carita pantun Raden Pamanah Rasa téh miboga ajén kaagamaan nu loba mangpaatna pikeun masarakat, kusabab dina eusi carita pantun Raden Pamanah Rasa téh ayana akulturasi antara budaya jeung agama, sarta miboga ma'na nu jero dina éta sasajén.

Dina carita pantun nu dipintonkeun ku Ayi Ruhyat aya pasualan-pasualan nu nyampak pikeun ditalungtik. Hususna dina carita pantun Raden Pamanah Rasa nu miboga eusi nu jero pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtik milih ieu carita pantun pikeun objék panalungtikan.

Panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Erna Ervilyana (2017) nu judulna “Purwakanti dina Carita Pantun Budak Mandjor Pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Sastra di SMA”, panalungtikan nu dilakukeun ku Dede Raharja (2016) nu judulna “Kalimah dina Carita Pantun Gantangan Wangi : Tilikan Struktural jeung Stilistik”, panalungtikan nu dilakukeun ku Devyanti Asmalasari (2015) nu judulna “Rajah Carita Pantun : Ulikan Struktural jeung Semiotik”, panalungtikan nu dilakukeun ku Jajang Winarya (2015) nu judulna “Carita Pantun Mundinglaya Di kusumah Nu Dipantunkeun Ku Ki Atjeng Tamadipura : Kajian Struktural Greimas jeung Niléy Moral”. Panalungtikan nu dilakukeun ku Maryati (2013) nu judulna “Carita Pantun Bujang Pangalasan : Ulikan Struktural, Semiotik, jeung Etnopedagogi”.

Aya sababaraha panalungtik nu nalungtik ngeunaan carita pantun saperti skripsi meunang Devyanti Asmalasari (2015) nu judulna “Rajah Carita Pantun : Ulikan Struktural jeung Semiotik” nu medar ngeunaan rajah carita pantun, struktur rajah carita pantun, unsur semiotik carita pantun, babandingan rajah carita pantun, jeung fungsi rajah carita pantun, katitén aya bébédana jeung sasaruana. Nu kahiji, tina objék nu ditalungtik, sacara objék tangtu béda. Nu kadua, tina analisis ngagunakeun ulikan nu sarua nyaéta Struktural jeung Semiotik.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan ajén kaagamaan jeung ulikan struktural-semiotik. Wangun carita pantun nu aya dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat dianalisis tina ajén kaagamaan, unsur struktural caritana jeung unsur semiotik nu nyampak dina sasajénna .

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho déskripsi carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa, jeung unsur struktural nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa jeung unsur semiotik nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung pamahaman kana carita pantun, sarta mikanyaho kana eusi carita pantun boh tina ajén kaagamaan boh tina unsur strukturalna ogé unsur semiotik tina sasajénna. Ku

kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Ajén Kaagamaan dina Carita Pantun Raden Pamanah Rasa Pintonan Juru Pantun Ayi Ruhyat Ulikan Struktural jeung Semiotik”.

### **1.2 Rumusan Masalah**

1. Kumaha ringkesan carita pantun dina carita Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat?
2. Ajén kaagamaan naon baé nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat?
3. Kumaha unsur struktural dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat?
4. Kumaha unsur semiotik nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon éta tujuan umum jeung husus di antarana sakumaha ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh sarta ngawanohkeun, numuwuhkeun kareueus kana carita pantun jeung kasenian carita pantun sangkan dipikawanoh ku masarakat. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolak ukur pikeun ngajén kamampuh masarakat dina maham kana ajén kaagamaanna.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus nu hayang kahontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

1. Ringkesan carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.
2. Ajén kaagamaan nu nyampak dina carita pantun Raden Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

3. Unsur struktural (fakta carita, téma, jeung sarana carita) nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.
4. Unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Mangpaat sacara téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian jeung kabudayaan. Salian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang élmu ajén kaagamaan jeung élmu struktural-semiotik.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

1. Pikeun nalungtik, bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung carita pantun tina segi ajén kaagamaan sarta struktural-semiotik.
2. Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun minat atawa karep masarakat kana kasenian jeung kabudayaan, nu miboga ajén inajén. Masarakat kudu bisa ngarojong kana seni tradisional hususna kasenian carita pantun sangkan bisa nanjeur sarta teu tumpur ku mekarna jaman.

### **1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Mangpaat isu jeung aksi sosial tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa méré gambaran sarta pangaweruh ka masarakat utamana ngeunaan kasenian carita pantun jeung ajén kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Rasa nu bisa dilarapkeun dina kahirupan.

### **1.4.4 Mangpaat Kawijakan**

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep ieu kasenian carita pantun téh dijadikeun kasenian nu bisa leuwih nanjeur boh di lingkungan Kabupatén Subang boh di luar Kabupatén Subang.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung sistematika skripsi.

Bab II medar tiori nu patali jeung panalungtikan. tiori nu dipedar di antarana Ajén Kaagamaan, Carita Pantun, Kabudayaan, Semiotik, jeung Struktural.

Bab III medar métode panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV medar hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngadéskripsikeun carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan nu nyampak dina carita Pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ngadéskripsikeun unsur struktural carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, , jeung ngadéskripsikeun unsur semiotik nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.

